


La Bib pou ti moun
prézanté

David, Wa a
(Pati 2)



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




David te wa Jida, nan
sid Palestin. Men, rès
Izrayèl la te pran
Isch-boscheth, pitit
gason Sayil la, kòm
wa. Lagè sivil te
fè ravaj pandan
sèt lane, men
David te vin
pi fò pi plis
chak jou.




Finalman, de nan sòlda li yo te touye
wa Isch-boscheth.




Aprè sa, tout tribi Izrayèl yo te vin pou David epi yo te mete li wa sou Izrayèl. Pandan yon bon tan, David se te wa tout nasyon an.



Premye bagay wa David te fè se te pran Jerizalèm.
Li te vin rele Vil David la. Li te rebati l kòm yon fò
kont lènmi yo. Soti depi Jerizalèm, lame David la t
ale konkeri Filisten yo ak lòt lènmi Izrayèl yo.






Aprè sa, wa David
te pote Lach
Bondye a Jerizalèm.
Lach sa a te genyen
kopi Dis Kòmandman
yo ak lòt lwa Bondye
te bay Moyiz yo.
Lach la te raple
Izrayelit yo sentete
Bondye ak nesesite
pou yo obeyi Li.




David te fè fas ak anpil
batay nan premye ane rèy
li a. Li te yon sòlda avize
ak yon nonm saj ki te konn
priye pou Bondye gide li.





David te tris paske
li te gen yon bèl kay
pou l rete, alòske
Bwat Kontra (lach)
Bondye a te rete
nan yon tant. David
te deside bati
yon tanp.
Natan, pwofèt
Bondye a, te
ankouraje li.





Jou swa sa
a, Bondye te
bay Natan
yon mesaj
pou David :
"Letènèl di w :

L ap bati yon kay pou ou. Lè jou ou yo ava fini, epi w
ava kouche ak zansèt ou yo, m ap leve desandan w yo
apre w. Kay ou ak wayòm ou an ap asire pou tout
tan, epi twòn ou an ap byen chita pou tout tan."



David te vle ede sivivan fanmi Sayil yo. Li te jwenn sèlman Mefibochèt (Méphiboscheth), pitit gason Jonatan an. Li te enfim nan pye. "L ap manje sou tab mwen, tankou youn nan pitit gason wa yo," David te di. Jonatan se te pi bon zanmi David.







Toutotan David te fè
Bondye konfyans epi li te
obeyi L, Bondye te ede
David pwospere. Men, yon
jou, yon gwo fènwa te
tonbe sou lavi David. Li
te voye lame l a nan
batay, pandan li menm li
te rete Jerizalèm.




Yon jou lannuit, li pa te
kapab dòmi, li t ape
mache sou teras li a epi li
t ape gade vil la.



David te wè yon bèl fanm ki t
ap benyen. Li te rele Bat-cheba
(Bath-Schéba). David te peche
avèk li, pandan mari l, Urie, se
te youn nan vanyan sòlda li yo.
Nan pita, lè Bat-cheba te di
David li te ansent, David te
reyalize peche li a t apral
kreye anpil pwoblèm.





Olye David t ale pale ak Bondye, li te eseye kache peche li a. Sa pa te janm mache ! Li te fè Urie retounen soti nan chan batay la, li te espere li t ap kwè pitit ki t apral fèt la se te pou li. Men, Urie te refize retounen lakay li pandan konpayon l yo te nan lagè. Li te dòmi devan papòt kay wa a.



Lè sa a, David te fè
yon bagay ki pi mal
toujou. Li te voye
Urie tounen nan
batay la avèk yon lèt
kote li te mande
jeneral la pou l asire
li pou Urie mouri nan
batay la. Apre sa,
David te pran
Batcheba kòm
madanm li.






Bondye te voye
sèvitè l a, Natan, pou
li montre David kijan
peche li a te grav. Li
te rakonte l istwa
yon nonm rich ak yon
nonm pòv. Nonm rich
la te gen plizyè
santèn mouton, men
nonm pòv la te gen
yon sèl ti mouton, li
te konsidere l tankou
pwòp pitit li.




Lè yon vwayajè te rive lakay nonm rich la, nonm rich la pa te vle touye youn nan mouton l yo pou li te ka prepare manje pou li. Li te pran ti mouton nonm pòv la.



David te fache anpil kont nonm sila.
Li te di byen fò : "Nonm ki te fè sa a
merite lanmò !"



"Ou se nonm sa a !" Natan di David avèk kouraj.
Aksyon David la te pi mal pase sa nonm nan nan
istwa sa a te fè a.




Bondye t ap montre David kijan li te koupab. Epi David te regrèt peche l a. "Mwen peche kont

Letènèl," li te rekonèt.

"Mwen fè sa ki mal." Epi Bondye te padone peche David la. Men, pitit Bat-cheba a te malad anpil epi li te mouri yon ti tan apre li te fèt.



Bondye te padone David pou
gwo peche li te fè a. Apre
sa, Batcheba te fè yon lòt
pitit, Salomon, ki te vin
tounen yon gran wa apre
David. Men, David te genyen
anpil lòt pitit, kèk ladan yo
te ba li anpil chagren.



David, Wa a (Pati 2)

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

2 Samyèl 1-12


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





21



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'ètènité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

